

# Moun poze Késyon sa yo sou Vyolasyon Règ Mask ak Pwoteksyon pou Figi



- **Èske mask ak pwoteksyon figi obligatwa?**

Wi. Policy 2170-E: Regleman Pwoteksyon pou figi ekzije nou mete kach-ne/mask sou figi-nou lé nou nan lekòl-la, lé nap patisipe nan evénman sou patwonnaj lekòl la, ak lè nap monte nan bis transpòtasyon lekòl-la.

- **Èske yo ka bay yon elèv yon sanksyon disiplinè paske li pa mete mask? Sanksyon ki nan Kòd Kondwit pou Elèv?**

Elèv-yo ka resevwa sanksyon ak konsekans disipliné pou aksyon lekòl-la jije entansyonèl, rebèl, dezobeyisans e ki pa fèt pa aksidan, okazyonèl, oswa lè efò pou reoryante kondwit elèv-la pa mache.

- **Kisa mwen dwe fè si yon elèv refize mete mask sou figi-li oswa kite mask la sou figi li?**

Raple elèv-la konsiy ak règ epi reoryante tout kondwit ki pa aseptab toujou annakò ak plan disiplin lekòl-la ak/oswa plan kondwit nan saldeklas. Si elèv-la pa obeyi manb estaf epi yo jije elèv-la iyore lòd la souvan, ranpli yon fòm referal pou disiplin.



- **Kisa ki ka rive si yon elèv refize mete mask oswas refize kite mask la sou figi li pandan li nan bis transpòtasyon lekòl-la?**

Chofè bis lekòl-la ka soumèt yon fòm referal konsekans disiplinè bay administratè lekòl-la pou vyolasyon regleman disiplin Nivo De si yon elèv pa obeyi lòd ankourajman mete mask ak/oswa elèv-la fè rebèl lè chofè bis-la eseye reoryante kondwit ki pa aseptab.

**Note:**

- Yo va konsidere faktè tankou laj, klas elèv la ap fè, sosyal e emosyonèl, nivo devlopman ak entelektyèl, abilite ak/oswa andikap epi dwa ak responsabilite elèv.
- Elèv andikape ki elijib anba Iwa Edikasyon pou Moun Andikape (IDEA) oswa anba Section 504 Lwa Reyabilitasyon 1973 (Section 504), gen dwa adisyonèl anba IDEA oswa Section 504 ak Règ State Board.

